

**Eta New York**  
**KOMISYON REPARASYON POU TRAVAYÈ YO NAN**  
**KAD AKSIDAN TRAVAY**

AJANS SA BAY MOUN KI GEN  
 ANDIKAP TRAVAY EPI LI BAY YO  
 SÈVIS SAN DISKRIMINASYON.

**DEKLARASYON KESYON KI PA TRETE YO - DIVIZYON ESPEYAL POU ODYANS AKSELERE YO**

NIMEWO DOSYE WCB AN (YO)	DAT AKSIDAN AN (YO)	NON KANDIDA AN (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)
NIMEWO DOSYE KONPAYI AN	KÒD KONPAYI AN	NON KONPAYI AN (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)
ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LA (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)		LÒT MOUN KI KONSÈNE YO (tanpri ekri ak lèt detache)

**ENSTRIKSYON:** RANPLI FÒM SA EPI DEPOZE L DEVAN KOMISYON AN EPI BAY TOUT LÒT MOUN KI KONSÈNE YO NAN YON ESPAS 20 JOU APRÈ YO BAY LÒD POU TRANSFERE DOSYE AN BAY DIVIZYON ESPEYAL POU ODYANS AKSELERE YO.

PWEN KI PI BA YO SE KESYON KI PA TRETE YO NAN DOSYE SA:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

TCHEKE YOUN:

- MWEN PARE POU YON ODYANS DEVAN YON JIJ KI ESPEYALIZE NAN AKSIDAN TRAVAY.
- MWEN PA PARE POU YON ODYANS DEVAN YON JIJ KI ESPEYALIZE NAN AKSIDAN TRAVAY. FÈ YON DESKRIPSYON DETAYE ANKÈT OU PANSE LI NESESÈ POU YO FÈ AK REZON KI FÈ YON ANKÈT KONSAN PA T FIN FÈT.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

MOUN KONSÈNE AN (tanpri ekri ak lèt detache)

Siyati

Dat

Atik 300.34 Divizyon espesyal pou odyans akselere yo.

Yo pibliye règ sa dapre egzijans paragraf (d) nan sibdivizyon 3 nan atik 25 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè nan kad Aksidan Travay la nan sa ki gen pou wè ak divizyon espesyal pou odyans akselere yo pou dosye ki gen kesyon ki pa t trete nan yon espas de (2) lane apre kesyon sa yo te prezante devan Komisyon an, oswa si gen plizyè demann ki fèt apati menm aksidan an oswa ensidan, oswa si tout moun ki konsène yo te dakò pou gen yon odyans akselere, oswa si prezidans lan remake se yon bagay ki nesesè.

(a) Si, nan nenpòt ka, kesyon yo pa t trete nan yon espas de (2) lane apre kesyon sa yo te prezante devan Komisyon an, oswa si gen plizyè reklamasyon ki fèt apati menm aksidan oswa ensidan an, oswa si tout moun ki konsène yo dakò pou gen yon odyans akselere, oswa si prezidans lan remake se yon bagay ki nesesè, prezidans lan oswa yon moun prezidans lan bay otorizasyon, nan inisyativ pa l, oswa nan inisyativ nenpòt nan moun ki konsène yo, kapab mande pou dosye an transfere nan yon divizyon espesyal pou odyans akselere. Yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay ki atache ak divizyon sa dwe tande dosye ki transfere nan divizyon espesyal sa.

(b) Chak moun ki konsène yo dwe, nan yon espas 20 jou apre òdonans transfè an te fèt, depoze demann yo devan Komisyon an epi bay tout lòt pati ki konsène yo yon deklarasyon presi sou tout kesyon ki pa trete yo, ak swa yon deklarasyon ki fè konnen moun konsène sa pare pou li ale nan yon odyans devan yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay oswa yon deklarasyon ki bay detay sou ki ankèt ki nesesè pou fèt pi devan epi ki di poukisa ankèt sa pa t janm te fin fèt.

(c) Odyans nan divizyon espesyal pou odyans akselere yo:

(1) dwe fèt anba direksyon yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay ki atache ak divizyon sa.

(2) dwe pwograme nan yon fason ki ap pèmèt yo trete tout kesyon yo nan yon sèl odyans, nan nivo sa posib la; epi

(3) dwe fèt nan biwo distri kote fichye dosye an te ye epi konsève, si sa posib; epi

(4) dwe pwograme nan yon espas 30 jou apre òdonans transfè an.

(d) Chak avoka, reprazantan ki gen lisans, oswa reprezantan otorize nan yon konpayi asirans oswa yon antrepriz ki gen asirans pa l ki parèt nan kad yon pwosedi nan divizyon espesyal pou odyans akselere yo dwe byen konnen sikonstans dosye yo, dokiman ki depoze oswa ki gen pou depoze yo, ak lwa aplikab al, epi li dwe gen otorite pou negosye epi trete tout kesyon yo, ansanm ak otorite pou limite prezans nenpòt kesyon ki te deja prezante, dapre dispozisyon ki nan atik 300.5 ak 300.6 nan Divizyon sa.

(e) Sof nan ka ijans, pa dwe gen okenn dosye ki enskri nan kalandriye pwosè yo nan divizyon espesyal pou odyans akselere yo ki ranvwaye oswa kontinye trete san apwobasyon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la. Nenpòt moun konsène ki ap chèche ranvwaye oswa kontinye trete dosye an dwe depoze yon demann alekri ki fè konnen rezon ranvwa sa oswa trètman dosye an devan Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la. Si Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la otorize ranvwa an oswa pwolongasyon trètman an, dosye an de repwograme nan moman sa posib la, men pa plis pase 30 jou apre ranvwa oswa pwolongasyon trètman sa. Si yo refize ranvwa oswa pwolongasyon trètman sa, dosye an dwe jije sou baz rejis lan jan l prezante an.

(f) Si, apre li fin revize demann pou yon ranvwa oswa yon pwolongasyon trètman, Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la ta vin detèmine demann pou ranvwa oswa pwolongasyon trètman an pa yon ijans epi li pa gen fondman, dwe gen yon amann jan li ekri pi ba an:

(1) Si se yon konpayi asirans oswa yon antrepriz ki fè demann lan, \$1,000 moun konsène an ap peye bay Komisyon an. Si yon avoka oswa reprezantan otorize reprezante konpayi asirans sa oswa antrepriz sa, avoka an oswa reprezantan ka lisans sa pral gen pou l peye amann sa a.

(2) Si se yon kandida ki gen yon avoka oswa reprezantan otorize k ap reprezante l, \$500 moun ki konsène an ap peye bay Komisyon an. Amann sa dwe peye dirèkteman bay avoka an oswa reprezantan otorize an epi li pa dwe sòti nan reparasyon kandida an.

(3) Pa dwe gen amann nan ka kote yon kandida ki pa gen reprezantan ta mande yon ranvwa oswa yon pwolongasyon trètman.

(g) Òdonans oswa direktiv yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay nan divizyon espesyal pou odyans akselere yo, dapre paragraf (d) nan sibdivizyon 3 nan atik 25 lan nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè nan kad Aksidan Travay la ak atik sa, sof nan detèminasyon yon aksidan oswa yon maladi pwofesyonèl, nan kad avi an, nan kad relasyon kòz ak efè yo oswa òf yon kantite lajan, dwe pwovizwa epi Komisyon an pa dwe revize yo dapre atik 23 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè nan kad Aksidan Travay la jiskaske pwosè an fin konkli epi tout kesyon yo fin trete.

(h) Atik sa, jan li amande an, antre an vigè nan dat 1ye Janvyè 1997, epi li ap aplike sou tout nouvo demann ki depoze apre dat sa.